*ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА*

*АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ*

*ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ*

*“Пуқаралык ҳәм хожалык ҳуқықы”*

*кафедрасы*

# *РЕФЕРАТ*

**ТЕМА: ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫ ТҮСИНИГИ, ОБЪЕКТЛЕРИ ҲӘМ СУБЪЕКТЛЕРИ**


Орынлаған: Юридика факультетиниң 4-курс студенти Н.Қутлымуратова

Илимий басшы: юридика илимлери кандидаты Ш.Шамшетов


***Нөкис-2014***

## ТЕМА: ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫ ТҮСИНИГИ, ОБЪЕКТЛЕРИ ҲӘМ СУБЪЕКТЛЕРИ

**М А З М У Н Ы :**

К И Р И С И Ў

**1. Базар экономикасының қәлиплесиўи шәраятында хожалық ҳуқықының роли**

**2. Хожалық ҳуқықы түсиниги ҳәм мазмуны**

**3. Хожалық ҳуқықы объектлери түрлери**

**4. Хожалық ҳуқықы субъектлери түсиниги, белгилери ҳәм классификациясы.**

**ЖУЎМАКЛАЎ**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ**

# К И Р И С И Ў

Мәмлекет ҳәм ҳуқықтың раўажланыўы тарийхы өз нәўбетинде ҳуқықтың бир нешше тармақларының пайда болыўына ҳәмде оның эволюциялық раўажланыўына тийкар жаратты. Солар қатарында хожалық ҳуқықы белгили бир ҳалатларда мәмлекетимизде экономикалық қатнасықлардың қурамалылығы характеринен келип шыққан ҳалда ҳуқықтың, соның ишинде, пуқаралық ҳуқықының өз алдына тармағы сыпатында қәлиплести ҳәм бүгинги күнге келип оның пән тараўы сыпатында өзине тән предмети, объектлери ҳәм субъектлери пайда болды.

Соның ишинде, хожалық жүритиўши субьектлер ортасында, қалаберсе, экономиканы басқарыўда хожалық субьектлери менен мәмлекет ортасында жүзеге келетуғын қатнасықлар тиккелей хожалық ҳуқықының предмети тәризинде изертленеиўи себепли оны тәртипке салыўдың теориялық мәселелерин анализлеў ҳәм бул тараўдағы ҳуқық нормаларын жетилистирип барыў машқалаларын изертлеў үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады. Себеби, Президентимиз И.А.Каримоа атап өткениндей, “елимизде өткен жыллар даўамында базар экономикасы тараўындағы өзгерислердиң исенимли нызамшыдық базасын қәлиплестириў бойынша әмелге асырылған үлкен жумыслар ҳеш кимге сыр емес, әлбетте. Булардың барлығын атап өткен ҳалда әмелдеги нызамларымыздың көпшилигин оларды қолланыў әмелияты ҳәм мәмлекетимизде базар қатнасықлары раўажланыўының ҳәзирги дәўирдеги жаңа реал ҳалатынан келип шығып сезилерли тәризде қайта көрип шығыў керек”[1].

Сонлықтан, хожалық ҳуқықының мазмун-мәнисин кең түрде анализ қылыў, солар қатарында хожалық ҳуқықы түсиниги, объектлери ҳәм субъектери шеңберин анықлап алыў үлкен илимий ҳәм әмелий әҳмийетке ийе болған мәселелерден бири саналады. Соның мене бирге, Өзбекстан Республикасы Конституциясының 53-статьясына муўапық, базар

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократикислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. // “Халқ сўзи”, 2010 йил 13 ноябрь (№ 220).

қатнасықларына қаратылған Өзбекстан экономикасының негизин ҳәр қыйлы формалардағы мүлк қурайды. Мәмлекет тутыныўшылардың ҳуқықлары үстинлигин есапқа ала отырып, экономикалық искерлик, исбилерменлик ҳәм мийнет етиў еркинлигин, барлық мүлк формаларының тең ҳуқықлылығын ҳәм ҳуқықый жақтан теңдей қорғалыўына кепиллик береди[2].

Сонлықтан, ҳуқықтың ең тийкарғы тараўларынан болған хожалық ҳуқықы ҳаққындағы билим тек ҳуқықтаныў саласы ушын емес, ал жәмийетлик әҳмийетке де ийе есапланады. Себеби, хожалық ҳуқықы ҳуқық тармағы сыпатында дереклери өз характерине қарай бир нешше жәмийетлик ҳуқықый қатнасықлар шеңберин өз ишине қамтып алады.

Усылардан келип шыққан ҳалда бул питкериў жумысында ҳуқықтың ең тийкарғы тараўларынан болған хожалық ҳуқықы түсиниги, оның объектлери ҳәм субъектлерин кең мазмунда талқылаўдан өткериў изертлеў мақсети етип алынған.

Сол тийкарда, жумыстың мазмуны кирисиў, төрт параграф, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен қуралады.

Кези келгенде соны да атап өтиўимиз орынлы, базар қатнасықларына өтиў шәраятында хожалық ҳуқықының изертлеў шеңберине киретуғын тийкарғы институтлар ҳәм тармақлар ҳәм олардың еледе толық тәризде жетилисип барыўы тиккелей усы ҳуқық тараўының түсиниги ҳәм ҳуқықый тәбиятының кеңейиўине тийкар жаратады. Бунның дәлийли сыпатында, кейинги ўақытларда хожалық нызамшылығының жаңадан жаңа тармақларының пайда болып атырғанлығына итибар қаратыўдың өзи жеткиликли саналады. Мәселен, Президентимиз тәрепинен быйылғы жылдың “Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик жылы” етип белгилениўи, усы тийкарда бул бойынша мәмлекетлик бағдарламаның қабыл етилиўи мүнәсибети менен хожалық ҳуқықы субъектилери ҳәм объектлери шеңбериниң жаңадан-жаңа форма ҳәмде мазмунда жетилисип барыўын тәмийинледи.

---

[2] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. –Тошкент: Ўзбекистон, 2003. – 16-б.

Хожалық ҳуқықы түсиниги ҳәмде оның объектлери ҳәмде субъектлери шеңберин талқылаў тек бир ғана ҳуқық тараўы менен емес, ал оған мазмунлық ҳәм көлемлик жақтан жақын болған басқа ҳуқық тараўы нызамшылығына тийисли норматив ҳүжжетлерди де кеңнен анализ қылыўды талап етеди.

Сонлықтан, питкериў жумысы режеси тийкарында ең алды менен хожалық ҳуқықының базар қатнасықлары раўажланыўындағы роли, оның ҳуқық тараўы сыпатында түсиниги ҳәмде сыпатламасы, хожалық ҳуқықы объектлери ҳәмде субъектлери структурасын анықлап алыў керек. Усы тийкарда хожалық ҳуқықын үйрениўден алдын усы ҳуқық тараўы түсинигин, оның сыпатламасын, объектлери ҳәм субъектлери түрлерин, олардың хожалық ҳуқықый қатнасықларда ҳәрекетте болыўының өзине тән өзгешеликлери кеңнен талқыланады.

Жумыстың тийисли параграфларында итибар қаратылатуғын жоқарыдағы мәселелер менен бир қатарда оның жуўмақлаў бөлиминде автор тәрепинен хожалық ҳуқықының объектлери ҳәм субъектлери мәселелерине тийисли өзиниң бир қатар пикир ҳәмде усынысларын келтирип өтеди.

## 1. Базар экономикасының қәлиплесиўи шәраятында хожалық ҳуқықының роли

Республикамыздың социаллық-экономикалық тараўларында базар қатнасықларының барған сайын тереңлесип барыўы хожалық ҳуқықының да раўажланыўына себеп болады. Себеби, режели бөлистириў системасы ўақтында барлық қатнасықлар, соның ишинде, товар ислеп шығарыў да жоқарыдан берилген буйрықлар, тапсырмалар, қарарлар тийкарында әмелге асырылар еди. Усы ҳәкимшилик система себепли республикамызда халық хожалығының тек бир ғана тараўы яғный шийки зат жеткерип бериў дүзилмеси ғана раўажланған еди. Сол себепли, ҳәзирги күндеде айырым шийки затлар: техника қураллары, әсбап-үскенелер, айырым азық-аўқат өнимлери, санаат товарлары ўақтынша шеттен келтирилмекте.

Республикамызда көпшилик кәрханалардың қалақ техника қураллары менен тәмийинленгенлиги олар тәрепинен ислеп шығарылған өнимлердиң сапасыз, базар талабына сәйкес келмей атырғанлығына себеп болмақта. Буның үстине, бурынғы бир тәреплеме қабыл етилген, пуқта ойланбаған қарарларға муўапық әмелге асырыў мөлшерленген қайта қурыўдың әмелде қулағанлығы ақыбетинде бурынғы республикалардың барлығы экономикалық крезислерге ушырады.

Президентимиз И.А.Каримоа атап өткениндей, “елимизде өткен жыллар даўамында базар экономикасы тараўындағы өзгерислердиң исенимли нызамшыдық базасын қәлиплестириў бойынша әмелге асырылған үлкен жумыслар ҳеш кимге сыр емес, әлбетте. Булардың барлығын атап өткен ҳалда әмелдеги нызамларымыздың көпшилигин оларды қолланыў әмелияты ҳәм мәмлекетимизде базар қатнасықлары раўажланыўының ҳәзирги дәўирдеги жаңа реал ҳалатынан келип шығып сезилерли тәризде қайта көрип шығыў керек”[3].

---

[3] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. // “Халқ сўзи”, 2010 йил 13 ноябрь (№ 220).

Тарийхый тәжирийбеден мәлим, көп ғана мәмлекетлерде экономикалық раўажланыў ҳәм халықтың турмыс дәрежелеринде айырмашылықлар болыўына қарамай социаллық раўажланыўдың ҳәзирги басқышына базар экономикасы жүдә сәйкес келмекте ҳәм нәтийжели ҳәрекет етпекте.

Базар қатнасықлары ҳаққында Президентимиз жүдә анық сыпатлама бергениндей, тек бирлескен базар ғана бүгинги күнде халықтың дөретиўшилик ҳәм мийнет имканиятларын ашып бере алады, өзиболарлыққа шек қояды, басламашылық ҳәм исбилерменликти раўажландыра алады, хошаметлеў ҳәм жоғалтылған хожайынлық сезимин қайта тиклейди.

Ислеп шығарыўшының ҳүкимин сындырыў, ислеп шығарыўды тутыныўшының мәплерине бойсындырыў, өнимге болған талапты анық есапқа алыў, коньюктура өзгерислерине қарап тезлик пенен ис тутыў имканиятын береди. Тежеўли хожалық жүргизиўдиң күшли ақылға уғрас тәреплерин жаратады, қәрежетлерди кемейттиреди, талан-таражға қарсы гүреседи.

Тек базар ғана жаңалықларға сезгирлик қылып, илим ҳәм техниканың ең соңғы жетискенликлерин жедел ҳәм ғайрат пенен енгизеди, өз исиниң устасына, кәсиплик маманлығына мүнәсип баҳа береди[4].

Базар қатнасықлары Республикамызда барған сайын тереңлесип бармақта. Материаллық ислеп шығарыў ҳәм алмаслаў тезлик пенен раўажланбақта. Лекин оның өзине тән өзгешеликлерине де итибар бериў лазым. Базар экономикасына өтиў машқалаларына тик көз бенен қараў керек,-деген еди И.А. Каримов. Базар экономикасының тек унамлы тәрепин ғана емес, ал оның унамсыз тәрепин де көре билиў керек. Базарға, әсиресе оның қәлиплесиў басқышында узақ ҳәм терең экономикалық крезислер, жумыссызлықтың артыўы, пулдың қәдирсизлениўи, көплеген кәрханалардың сыныўы ҳәм исбилерменлердиң банкротлыққа ушыраўы, халықтың материаллық тәмийнат жағынан кескин қатламласыўы, ҳуқыққа қарсы ис-

[4] Каримов И.А. Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тараққиёт йули. Т. Ўзбекистон, 24- бет.

ҳәрекетлер ҳәм жынаятлардың өсиўи тән болып есапланады. Базардың бул иллетлерин билиў, оларға таяр турыў, оларды сапластырыў бойынша туўры шешимлер таба билиў керек[5.]

Демек, базарға өтиў, бул ҳәзирги дәўирдеги турақлы процесс есапланады. Ҳазирги ўақытта базар бул тек мақсет емес, ал жаңа қәдириятларды қәлиплестириў, адамлар пәраўанлығының сапа жағынан түптен жоқары дәрежесине ерисиў услубы ҳәм қуралы болып есапланады.

Сол себепли, базар қатнасықлары кәрхана, шөлкемлердиң ҳәм басқа түрдеги товар, өним ислеп шығарыўшылардың өз-ара шәртнамалы қатнасықлары менен тығыз байланыслы болып есапланады.

Базар қатнасықлары дәўириндеги товар ислеп шығарыў ҳәм оны тутыныўшыларға жеткерип бериў менен байланыслы процесслер республикамыздың бир қатар нызамларында, соның ишинде, Пуқаралық кодекси[6], «Мүлкшилик ҳаққында”[7], «Ижара хаккында”[8], «Аўыл хожалығы кооперативи (ширкет хожалығы) хаккында”[9], «Дийхан хожалығы ҳаққында”[10], «Фермер хожалығы хаккында”, “Исбилерменлик жумысы еркинлигиниң кепилликлери хаккында”ғы[11] ҳәм басқа бир қатар нызамлар менен ҳуқықый тәртипке салынады. Мине усы ҳәм усыған уқсас басқа нызамлар базар қатнасықларын тәртипке салыўшы әҳмийетли ҳуқықый ҳүжжетлер болып есапланады. Хожалық ҳуқықы болса усы нызамларға таянып раўажланады, базар экономикасының қәлиплесиўи процессинде әҳмийетли ҳуқықый курал болып хызмет етеди.

---

[5] Каримов И.А. □збекистоннинг □з исти□лол ва тара□□киёт йули. Т. □збекистон, 28 - бет.
[6] □збекистон Республикаси Фу□аролик Кодекси. Т., Адолат, 1998 ж.
[7] □збекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1990 й., 31 - 33 - сон.
[8] □збекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1992 й., 1 - сан, 45 - модда.
[9] □збекистон Республикаси Олий мажлисининг Ахборотномаси, 1998 й., 5,6 - сан, 84 - модда
[10] □збекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1998 й., 5,6 - сан, 88 - модда.
[11] □збекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2000 й., 5,6 - санлар, 140 - модда

## 2. Хожалық ҳуқықы түсиниги ҳәм оның предмети

Хожалық ҳуқықына сыпатлама бериўден алдын оның ҳуқық системасында тутқан орнына тоқталып өтейик. Хожалық ҳуқықына бир тәрептен ҳуқықтың ғәрезсиз тараўы сыпатында, екинши тәрептен нызамшылық тармағы, үшиншиден, илим, төртиншиден, оқыў предмети (пәни) сыпатында қаралады.

Бирақ, айырым алымлар хожалық ҳуқықын нызамшылық тармағы, илим ҳәм оқыў предмети деп тән алсада, ҳуқық тармағы екенлигине шубҳа менен қарайды. Соның ишинде, Ю.К.Толстой хожалық ҳуқықына ҳуқықлардың (комплекси) жыйынды тараўы деп қарайды. Бул пикир айырым алымлар тәрепинен қоллап-қуўатланады. Буның дәлийли сыпатында С.С.Алексеев пикирин келтирейик[12].

Оның пикиринше, хожалық ҳуқықы "пуқаралық хожалық ҳуқықы ҳәм ҳәкимшилик хожалық ҳуқықы"нан ибарат болып, ҳуқық системасында "екинши дәрежели дүзилме" сыпатында қаралыўы керек.

Айырым алымлар болса хожалық ҳуқықын ҳуқықлардың (комплекс) жыйындысы сыпатында тән алмастан, хожалық қатнасықларын тәртипке салып турыўшы ҳуқықый ҳүжжетлердиң бир пүтин жыйындысын қурайды деп (Яковлев В.Ф, Якушев В.Ц.) есаплайды.

Басқа топар авторларының, мәселен, И.Е.Краськоның пикиринше, хожалық ҳуқықы мәмлекет секторында жүзеге келетуғын хожалық қатнасықларын тәртипке салады, О.А.Красавчиков пикиринше, хожалық ҳуқықы функциялары өз-ара бир-бири менен байланыслы болған ҳәр қыйлы ҳуқық тараўы қағыйдалары жәмленген ҳуқықый массив есапланады. Усы пикирлерге қарсы түрде, өткен әсирдиң ақырғы жылларына келгенде хожалық ҳуқықын бирден-бир, ғәрезсиз ҳуқық тараўы сыпатында илгери сүрген жаңа концепция, көз-қараслар жүзеге келди. Бул көз-қарасларға көре, хожалық ҳуқықы кәрхана, шөлкемлердиң өз-ара ҳәм олардың бөлимлери

[12] Олейник А.С. Предпринимательское (хозяйственное) право. М., Юристь, 2000 г. 1-2-том. –С.267.

менен болатуғын хожалық искерлигин әмелге асырыўда басшылық етиўде жүзеге келетуғын қатнасықларды тәртипке салады. Бундай көз-карастың тийкарғы ўәкили, тәрепдары В.В. Лаптев еди[13].

Оның пикиринше, хожалық ҳуқықы ҳуқықтың ғәрезсиз тараўы сыпатында өзинде ҳуқықый қағыйдалар жыйындысын аңлатады. Сол себепли, ол хожалық ҳуқықына сондай анықлама береди: хожалық ҳуқықы хожалық жүргизиўдиң мақсетке муўапықлылығын тәмийинлеў мақсетинде, ҳуқықый басқарыўдың ҳәр түрли усылларынан пайдаланылған ҳалда кәрхана, шөлкемлер ҳәм олардың бөлимлери ортасындағы хожалық қатнасықларын тәртипке салыўшы, хожалық искерлигин әмелге асырыўшы ҳәм басшылық тәртибин белгилеўши қағыйдалардан ибарат.

Бизге белгили, хожалық искерлиги бурынғы аўқам шәраятында бирден-бир мүлкке ҳәм мәмлекет режесине тийкарланған хожалық қатнасықларынан ибарат болып, ол горизонтал хожалық қатнасықларын тап сондай оларға басшылықтан келип шығатуғын вертикал қатнасықларын өз ишине қамрап алған еди.

Хожалық ҳуқықы хожалық қатнасықлары субъектлери ортасындағы вертикал ҳәм горизонтал байланысларды тәрипке салады. Бирақ, ҳәзирги қатнасықлар режели бөлистириўден, ҳәкимшилик буйрықпазлықтан пүткиллей жырақ болатуғын экономикалық қатнасықлар болып есапланады. Бул қатнасықта қатнасатуғын субьектлер пүткиллей еркин болып, тек нызамға ҳәм дүзилген шәртнама шәртлерине қатаң әмел қылады.

Базар қатнасықларының барған сайын раўажланып барыўы жаңадан-жаңа мүлкдарлар топарын-исбилерменлерди келтирип шығаратуғын бул топарлар хожалық қатнасықларының ғәрезсиз субьекти болып қатнасады. Олар ортасындағы мүлкий қатнасықлардың көпшилиги хожалық нызамшылығы менен тәртипке салынады. Хожалық ҳуқықый қатнасықлар көлеми базар экономикасының раўажланып барыўы менен бирге барған сайын кеңейип барады, соның ишинде, товар ислеп шығарыў ҳәм хызмет

[13] Лаптев В.В. Предпринимательское право: понятие и субъекты. М., Юристь, 1999. –С.35.

көрсетиў тараўында кәрханалар, исбилерменлер, фермерлер, дийхан хожалықлары, банклер, биржалар ҳәм соған уқсас басқа субьектлер өзине сәйкес түрде арнаўлы жумыс алып барады.

Сол себепли, хожалық ҳуқықының түсиниги, хожалық ҳуқықының предмети кандай? Ол ғәрезсиз илим тармағыма яки исбилерменликтиң түриме? Исбилерменлик қатнасықлары да хожалық қатнасықларын қурайдыма? деген сораўлардың жуўапларын анықластырыў лазым, соннан кейин хожалық (исбилерменлик) ҳуқықының өзине тән принциплерине толык сыпатлама бериў мүмкин.

Хожалық ҳуқықы ҳуқық тармағы сыпатында хожалық ҳәм экономика тараўындағы искерликти тәртипке салыўшы нормалар жыйындысынан ибарат. “Экономикалык искерлик“ термини Өзбекстан Республикасы Конституциясының 53-статьясында белгиленген. «Экономика» сөзи грекча “экономос“-сөзинен алынған болып, “хожалық“ деген мәнисти билдиреди. Усы термин нызам шығарыўшы тәрепинен Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң “Хожалық искерлиги тараўындағы жынаятлар“ деп аталған ХШ бабында қолланылған. Буннан тысқары, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 69-статьясында “хожалық искерлиги“, Өзбекстан Республикасының “Исбилерменлик жумысы еркинлигиниң кепилликлери ҳаққында”ғы Нызамның 18-статьясында “экономикалык искерлик“ терминлери қолланылғанлығын мысал түринде көрсетип өтиў мүмкин[14].

Экономикалык (хожалық) искерлик төмендеги басқышларды:

- ислеп шығарыўға (эксплуатацияға) шекемги болған басқыш (дизимнен өткериў, лицензиялаў, руқсатнама алыў);

- ислеп шығарыў (эксплуатацион), (товарларды ислеп шығарыў, оларды тапсырыў, жумысларды орынлаў, хызмет көрсетиў);

- ислеп шығарыўдан (эксплуатациядан) кейинги басқыш (салық хызмети алдындағы, статистика органлары алдындағы миннетлемелердиң жүзеге келиўи).

---

[14] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2000 й., 5-6-сонлар, 140-модда

Экономикалык (хожалық) искерлиги мәплериниң субьектлери сыпатында:

- жәмийет ҳәм мәмлекет;
- кәрханалардың мийнет жәмәәтлери;
- өним тутыныўшылары;
- кәрхана мүлкдарларын ажыратыў мүмкин.

Хожалық искерлиги процессинде мәплер аймақ ҳәм миллий сыпатламалары бойынша классификацияланады:

1. Миллий ҳәм сырт ел:
2. Регионал ҳәм жергиликли:
3. Экономика тараўлары бойынша.

Соның ишинде, коммерциялық емес қатнасықларды, сондай-ақ, мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерин тәмийинлеў мақсетинде мамлекет тәрепинен экономиканы тәртипке салыў менен байланыслы қатнасықларды тәртипке салып турыўшы қағыйдалар жыйындысын өзинде жәмлестиреди[15].

Хожалық искерлиги тек товар ислеп шығарыўға тийисли қатнасық емес, ал ислеп шығарыўды баслаў ушын имарат алыў яки қурыў, жай алыў, жанылғы, шийки зат, әсбап-үскенелерге ийе болыў, менен байланыслы қатнасықларды да қамрап алады.

Мине усылар хожалық ҳуқықының предметин қураўшы қатнасықлар болып, тиккелей дәрамат (пайда) алыўға қаратылмаған басқа мақсетлер менен де байланыслы болады. Булар қатарына: мүлкти басқарыў, кәрхананы дүзиў ҳәм сапластырыў бойынша шөлкемлестириў-мүлкий түрдеги бир-бири менен байланыслы барлық искерликлерди киритиўимиз мүмкин.

Хожалық қатнасықларының тийкарғы бөлегин хожалық субъектлариниң өз-ара вертикал ҳәм горизонтал қатнасықларын қурайды. Хожалық ҳуқықы пәнинде хожалық қатнасықлары тийкарынан үш топарға: хожалық искерлигин әмелге асырыў менен байланыслы қатнасықларға,

---

[15] Мартемьянов А.С. Хозяйственное право. Т.1 Москва “БЕК“ 1994 й 1-2бетлер.

хожалыққа басшылық қылыўдан келип шығатуғын (хожалықты басқарыў) қатнасықларға ҳәмде ишки қатнасықларға ажыратылады.

Хожалық қатнасықларының **биринши топары** тиккелей өним ислеп шығарыў, жумысты орынлаў, хызмет көрсетиў менен байланыслы хожалық искерлиги есапланады.

Хожалық қатнасықларының е**кинши топары** хожалық искерлигине басшылық қылыўдан келип шығады.

**Ишки хожалық** қатнасықлары болса, ҳәр бир кәрхананың, бирлеспениң ислеп шығарыў дүзилмелери ортасындағы ишки қатнасықлары формасында сәўлеленеди.

Хожалық ҳуқықынын өзине тән өзгешеликлери оның субъектлери менен де байланыслы.

Бизге белгили, режели экономика шәраятында хожалық қатнасықлары тек кәрхана ҳәм шөлкемлер олардың бөлимлери ортасында жүзеге келер еди. Хожалық искерлигин өз алдына пуқара емес, ал олардың жәмәати алып барар еди. Пуқара хожалық искерлигинде шөлкем жәмәати қурамында қатнасар еди. Олардың бул қатнасықлары болса мийнет ҳуқықы менен тәртипке салынар еди.

Базар экономикасы қатнасықларына басқышпа-басқыш өтип, демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурылып атрылған ҳәзирги ўақытта жеке шахстың хожалық искерлиги кандай? Исбилермен шахстың хожалық искерлиги хожалық ҳуқықының предметин қурайдыма?

Республикамызда базар экономикасына өтиў алды менен мәмлекет мүлки мәмлекет ийелигинен шығарылып, жеке мүлкти қәлиплестириўден басланады. Айрықша пуқараның жеке мүлк ийеси сыпатында тән алыныўы оны исбилерменлик искерлиги менен шуғылланыў ушын имканият берди ҳәм буның ушын жетерли ҳуқықый тийкарлар жаратылды[16].

---

[16] Рўзиназаров Ш.Н. Тадбиркорлик ҳуқуқи субъектлари ва уларнинг ҳуқуқий ҳолати // Хўжалик ва ҳуқуқ, 2001 й., 8-сон. –Б.34.

Ендиликте, айрықша пуқара пайда алыў мақсетинде, тәўекелшилик тийкарында, тийисли тәртипте мәмлекет дизиминен өткен ўақыттан баслап исбилермен статусына ийе болғаннан кейин, хожалық искерлиги менен басқа хожалық жүргизиўши субъектлер менен тең ҳуқықлылық тийкарында шуғылланыў ҳуқықына ийе болды.

Республикамызда базар қатнасықларының басқышпа-басқыш қәлиплесип барыўында исбилерменлик искерлигиниң, исбилерменлик қатнасықлары қатнасыўшыларының да роли, тәсири барған сайын зәрүрли әҳмийетке ийе болып бармакта.

Соның ишинде, бул қатнасықтың өзине тән өзгешеликлери яғный ислеп шығарыўды шөлкемлестириў, исбилерменликти дизимге алыў, оны кәрхана формасында рәсмийлестириў, есап-китап алып барыў, салык төлеў, базарға товар, жумыс ҳәм хызмет пенен шығыў тәртибин ҳәм қағыйдасын белгилеў, бкәрхана ҳәм шөлкемлер менен болатуғын өз-ара қатнасықларды ҳуқықый басқарыўды талап етеди.

Егер, бурын пуқара базарға шығыўы бизиң экономикамыз ушын тосыннанлық бир жағдай болып ҳәм ҳәкимшилик ҳуқық қағыйдалары менен басқарылған болса, ҳәзирги базар қатнасықлары шәраятында бул қатнасықлар бир пүтин болып, товар ислеп шығарыўшылар жумысын тәртипке салыўшы бирден-бир қағыйдалар менен тәртипке салынады[17].

Демек, кәрхана, шөлкемлердиң, исбилерменлердиң материаллық ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиў менен байланыслы экономикалык қатнасыклар бир пүтин ҳалда хожалық ҳуқықына тийисли нызамлар аркалы тәртипке салынып турылатуғын хожалық қатнасықларының ***биринши топарын*** курайды.

Хожалық қатнасықлары тиккелей пайда алыў менен байланыслы болмаған ҳалда да бар болады. Бундай искерликке мысал ретинде мүлкти басқарыў, бийлик етиў, кәрхана дүзиў, сапластырыў менен байланыслы

[17] Рўзиназаров Ш.Н. Тадбиркорлик ҳуқуқи субъектлари ва уларнинг ҳуқуқий ҳолати // Хўжалик ва ҳуқуқ, 2001 й., 8-сон. –Б.35.

шөлкемлестириўшилик-мүлкий характердеги искерликлерди көрсетиў мүмкин. Мине усы қатнасықлар да тиккелей хожалық ҳуқықы қағыйдалары менен тәртипке салынып турылады.

Хожалық субъектлери ўәлаят, қала, район, жергиликли ҳәкимият органлары менен тийисли хожалық искерлигин шөлкемлестириў ҳәм мүлкти басқарыўда қатнасады. Бундай хожалық қатнасықлары пайда алыў менен байланыслы болса да, хожалық басқарыўды өз ишине алады.

Мәмлекет бюджетиндеги мекемелер, матлубот жәмийети, соцаллық фондлар, ҳәм ўазыйпаларын шешиў ушын хожалық қатнасықларына кирисетуғын басқа мекемелер жумысы пайда алыў менен байланыслы болсаған искерлик топарына киреди.

Бул қатнасық исбилерменлик искерлиги менен жүдә жақын болып, формасы жағынан оны әмелге асырыўдан дерлик парықланбайды. ҳәм сол себепли хожалық ҳуқықы менен байланыслы болады. Бул хожалық қатнасықларының е***кинши топарын*** қурайды.

Мәмлекет жәмийет мәпин есапқа алған ҳалда хожалық искерлигин әмелге асырыўшы субьектлерге экономикалык тәсир етеди. оның жумысын қадағлайды. Бул қатнасық хожалық ҳуқықы предметиниң ***үшинши топарын*** қурайды.

Жоқарыда көрсетип өтилген қатнасықлар топары базар экономикасына тийисли болған ҳәм мәмлекет тәрепинен тәртипке салынатуғын хожалық субъектлериниң көп тәреплемели искерлигин аңлатады[18].

Басқарылатуғын базар экономикасы қатнасықларына өтиў хожалық қатнасықлары ҳаққындағы ҳәм тийисли хожалық ҳуқықы предмети ҳаққындағы түсиниктиң де өзгериўине алып келеди. Себеби, ҳәкимшилик буйрықпазлыққа тийкарланған хожалық ҳуқықы системасы бурын тек ғана мәмлекетке тийисли болған кәрхана, шөлкемлерге тийисли хожалық

[18] Рўзиназаров Ш.Н. Хўжалик юритувчи субъектларнинг шартнома муносабатлари // Хўжалик ва ҳуқуқ, 1999 й., 5-сон. –Б.21.

қатнасықларына, сондай-ақ, кооператив ҳәм басқа шөлкемлер менен байланыслы хожалық қатнасықларына хызмет қылған еди.

Ҳәзирги күнде болса, мүлк формаларының көп түрлилиги, пуқара мүлклериниң киши кәрхана формасында, дийхан хожалығы, жеке исбилерменлик жумысы формасында ислеп шықарыўға тартылыўы, хожалық қатнасықларының формасы, көлеми, характери ҳәм мазмунын өзгерттирип жибермекте.

Базар экономикасы шәраятында ҳәмме ушын мәжбүрий режели тәртип өз күшин жоғалтады. Бирақ, реже тек айрықша алынған ҳалатларға яғный ммәмлекет итияжларын тәмийинлеўге қаратылған тапсырмаларды орынлаўға қолланылатуғын болады.

Базар қатнасықларына өтиў шәраятында хожалық қатнасықларын ҳуқықый тәртипке салыў базар ушын товар (жумыс ҳәм хызмет) ислеп шығарыўға қәнийгелескен жумысы менен байланыслы болады.

Сол себепли ҳәр қандай субъект өзине тийисли мүлк бойынша ислеп шығарыў жумысына кириседи ҳәм оны әмелге асырыў процесси хожалық ҳуқықы менен тәртипке салынады.

Хожалық ҳуқықы мәмлекеттиң ислеп шығарыў искерлигине тәсир етиў бойынша келип шығатуғын қатнасықларға да қолланылады. Бул мәмлекет пенен басқа субьектлердиң өз-ара вертикал бойынша хожалық жүритиў қатнасықлары болып есапланады.

Ҳәзирги шәраятта режелестириў формасындағы мәмлекет басшылығы, қадағалаў, бийлик етиў өз характерин ҳәм өзгешелигин жоғалтты. Ол көбирек шәртнама тийкарында тәсир етиў усылына өтти.

Мәселен, кәрханалардың өз ишки бууынларына басшылық етиўи ишки хожалық шәртнамаларына тийкарланады. Бирак азлы-көпли қабыл етилген режели ҳүжжет нәтийжесинде қуралатуғын тийисли қатнасықлар ҳәм басшылық, мәмлекет итияжы ушын мәмлекет буйыртпасы үстинен мүлк ийесиниң қадағалаў функциясы орнатылған қағыйда ҳәм тәртип жолы менен мәмлекет тәсир шарасын әмелге асырыў (социаллық. экологиялық ҳәм соған

уқсас) тәртипке салыўдың белгили бир жыйындысын қурайды, экономикаға мәмлекеттиң тәсир етиў шараларының жаңа түрлери: салық, антимонополия қадағалаўы ҳәм басқалар келип шығады[19].

Хожалық искерлигин әмелге асырыў бойынша келип шығатуғын қатнасықлар кандайда бир бойсыныў яки ҳүкимранлық қылыўға қаратылған емес, ал товар алмаслаў, кәрханалардың ҳәм регионлардың өз-ара товар формасында болмаған ҳәрекети болып есапладаны.

Сондай-ақ, бул толық хожалық жүргизиў, оператив баскарыў қатнасықлары болып, алмаслаў процессинде анық, өз-ара ис-ҳәрекет сыпатында сәўлеленеди. Мәселен, кәрхана өз фондын дүзеди, мийнетке ҳәкы төлеў системасын ислеп шығады ҳәм қолланады, әсбап-үскенелерден пайдаланыўды шөлкемлестиреди ҳәм т.б.

Пуқаралар хожалық искерлигин әмелге асырыўда ислеп шығарыў қураллары, материаллар, шийки затқа ийе болады ҳәм оларды белгиленген тәртипте ислеп шығарыў, товар алмаслаў процессинде қолланады, сарыплайды. Усыннан бир сораў пайда болады.

Базар экономикасы қатнасықларына өтиў шәраятында бир тармақлы басқарыўда вертикал ҳәм горизонтал байланысларды бирлестириў мақсетке муўапық боладыма? Юридикалық әдебиятларда ҳәзир де вертикал қатнасық мәжбүрий-ҳуқықый тәртипке салыўға тийисли, деген пикирлер бар. Бул пикирлер оларды ҳәр қыйлы қатнасық деп есаплаўға тийкар болмайды.

Олар хәммеси экономикалык мазмуны менен бирлескен қатнасық есапланады. Бизге белгили, исбилерменлик жумысы мәмлекет тәсири шарасы менен де раўажланады. Демек, жоқарыдан төменге (вертикал) ҳәм қаптал тәрептеги горизонтал қатнасықлар бул бирден-бир хожалық айланысы, тәкирар ислеп шығарыў процессинен қуралатуғын экономикалык қатнасықлар жыйындысы есапланады.

---

[19] Тадбиркорлик ҳуқуқи. Умумий қисм. Дарслик. Таҳририят ҳайъати: Ҳ.Раҳмонқулов, Ш.Рўзиназаров, М.Ниёзов ва бошқа.; Масъул муҳаррир: Ш.Рўзиназаров // -Т., «Консаудитинформ», 2002 й. –Б.38.

Усыған муўапық, хожалық (исбилерменлик) ҳуқықы, ҳуқық системасы тараўларынан бири болып, мәмлекетимизде базар экономикасы қатнасықларына басқышпа-басқыш өтиўде мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерин есапқа алған, хожалық субъектлери ортасындағы жоқарыдан төменге (вертикал) ҳәм қаптал тәрепке (горизонтал) болатуғын хожалық (исбилерменлик) қатнасықларын тәртипке салыўшы ҳәм базар шәраятында мәмлекеттиң экономикаға басшылық етиў шара-илажларын белгилеўши ҳуқықый кағыйдалар жыйындысынан ибарат.

## 3. Хожалық ҳуқықы объекти түсиниги ҳәм түрлери

**Хожалық ҳуқықы обьекти деп** - хожалық ҳуқықый қатнасықта қатнасыўшы шахслардың субьектив ҳуқықлары ҳәм миннетлемелери неге қаратылған болса соған айтылады.

Хожалық ҳуқықы обьекти, *бириншиден*, затлар,. пул ҳәм қымбат баҳалы қағазлар, басқа мал-мүлклер, е*киншиден,* субъекттиң ислеўи шәрт болған ҳәрекетлери, *ушиншиден,* ҳуқық субьектиниң искерлиги, *төртиншиден,* хожалық искерлигинде пайдаланылатуғын мүлкий емес затлар (фирма аты, товар белгиси, коммерция сыры ҳәм басқалар) есапланады[20].

Хожалық ҳуқықы менен тәртипке салынатуғын **затлық** қатнасықлар ислеп шығарыў, товар алмаслаў, бөлистириў ҳәм тутыныў, менен тиккелей байланыслы болып есапланады. Ислеп шығарыў менен байланыслы болмаған, жеке итияжларды қанаатландырыўға хызмет қылатуғын затлар хожалық ҳуқықый затлық қатнасықлардың обьекти бола алмайды.

**Ҳәрекетлер** дегенде, мысал ушын пуқара ҳәм шөлкемлерге көрсетилетуғын хызметлерди түсиниў мүмкин. Бундай хызметлер хожалық ҳуқықы менен тәртипке салынатуғын ҳуқықый қатнасықлардың обьекти есапланады. Талап қылыў ҳуқықына ийе болған пуқара яки шөлкемлердиң талаплары мойнына миннетлеме алған шахслардың ис-ҳәрекетлери менен қанаатландырылады. Мәселен, өним жеткерип бериў шәртнамасы бойынша өним жеткерип бериў менен байланыслы ис-ҳәрекеттиң әмелге асырылыўы ҳәм басқалар.

Хожалық ҳуқықы обьекти сыпатында **субъекттиң абсалют искерлиги айрықша орын тутады.** Усы қатнасықлар обьектин сондай түсиниўимиз керек, хожалық субьектлери өз хожалық искерлигин нызамға муўапық жүритеди ҳәм басқа барлық шахслар оның хожалық искерлигин жүргизиўине тосқынлық етиўи қадаған етиледи.

---

[20] Тадбиркорлик ҳуқуқи. Махсус қисм. Дарслик. Таҳририят ҳайъати: Ш.Рўзиназаров, А.Саидов, К.Рашидов ва бошқ.; Масъул муҳаррир: Ш.Рўзиназаров. -Т.: «Консаудитинформ», 2002 й. – 188-б.

Хожалық ҳуқықы обьектлериниң және бири хожалық искерлигинде пайдаланылатуғын **мүлкий емес затлар** яғный фирма, товар белгиси, коммерция сыры, ҳәм басқалар есапланады. Бундай затлардан субьектлердиң ерки-ықрарынан тысқары ҳеш бир шахс пайдаланыўға, товар ислеп шығарылатуғын атты өзгерттириўге, коммерция сыры ҳаққында мағлыўмат алыўға ҳақылы емес.

Юридикалық шахслар да өзиниң шөлкемлестириў ҳуқықый формасын билдиретуғын атамаға ийе болады. Коммерция менен шуғылланбайтуғын шөлкемлер, унитар кәрханалардың атлары, Нызамда нәзерде тутылған жағдайларда басқа коммерциялық шөлкемлердиң де атлары юридикалық шахс хызметиниң өзгешелигин көрсетиўи керек (мысалы:"Ләззет" конфета фабрикасы, "Камолат" қоры ҳәм басқалар).

Юридикалық шахстың аты оның шөлкемлестириў ҳүжжетлеринде көрсетиледи.

Коммерциялық шөлкем болған юридикалық шахс өз фамилиясының атына ийе болыўы тийис ҳәм оннан пайдаланыў бойынша абсолют ҳуқыққа ийе. Басқа фирманың атынан нызамсыз түрде пайдаланып атырған шахс фирма атына ийелик етиў ҳуқықы болған шахстың талабы менен оннан пайдаланыўды тоқтатыўы ямаса жеткерилген зыянларды төлеўи тийис (ПК ның 46-статьясы).

Фирманың аты - коммерциялық шөлкемниң пуқаралық мәмиледеги қатнасыўында оны басқа қатнасыўшылардан, олардың товарлары, жумыслары ҳәм хызметлеринен айырып турыўшы, индивидуалластырыў қуралы есапланады. Юридикалық шахс фирманың атынан юридикалық шахстың өзинде оның ислеп шығарған товарлары, орынлаған жумысы, көрсететуғын хызметин айырып турыўшы, хабардар етиўши қурал, нышан сыпатында пайдаланыўға болған абсолют ҳуқықы ПК ның 1098-статьясында тәртип түринде белгилеп қойылған[21].

[21] Гражданское право. Том 1: Учебник / Отв. ред. проф. - Е.А. Суханов. 2-изд., перераб. и доп. –М.: Из-во БЕК, 1998. –С.241.

Юридикалық шахстың фирма аты оның шөлкемлестириў ҳүжжетлерин (устав, шөлкемлестириў шәртнамасы, шөлкемлестириў ҳаққында қарар) тастыйықлаўда шөлкемлестириўшилер тәрепинен белгиленеди ҳәм ол юридикалық шахслар мәмлекетилк реестрге киргизиў жолы менен есапқа алынады, бул ҳаққында юридикалық шахсқа гүўалық (акт) бериледи.

Кәрханалар, мекемелер, шөлкемлерге ат бериў тәртиби усы ПК менен, сондай-ақ Өзбекстан Республикасында административлик-аймақлық дүзилис, топономик объектлерге ат бериў ҳәм олардың атларын өзгертиў тәртиби ҳаққындағы 1996 жыл 30 августта қабыл етилген Нызам менен белгиленеди. Усы тийкарда кәрхана, ведомство, шөлкем статусына қарап, оған ат қойыў Министрлер Кабинети, ўәлаятлар ҳәкимлери тәрепинен әмелге асырылады. Онда тири физикалық шахслардың атларын фирманың аты сыпатында қойыўға жол қойылмайды.

Товар (хызмет) белгиси бул бир физикалық ямаса юридикалық шахстың товарлары ҳәм хызметлерин басқа юридикалық ямаса физикалық шахслардың бир түрдеги товарлары ҳәм хызметлеринен айырып алыў ушын пайдаланатуғын белгилер.

Товар белгиси сыпатында сөзлер, сүўретлеўлер ҳәм басқа да белгилер ямаса олардың жәмленген көриниси дизимнен өткерилиўи мүмкин.

Товар белгиси қәлеген бир реңде ямаса түрли реңлерде болыўы да мүмкин.

Өзбекстан Республикасында товар (хызмет) белгилерин дизимнен өткериў, ҳуқықый жақтан қорғаў ҳәм олардан пайдаланыў менен байланыслы қатнасықлар ПК, “Өнимниң белгилери ҳәм хызмет көрсетиў белгилери ҳаққындағы нызам (усыннан кейинги тексте Нызам деп жүргизиледи) ҳәм тийисли нызам ҳүжжетлери менен тәртипке салынады[22].

Ҳәр бир мәмлекет, регион, белгили бир аймақ өз ықлымы, ҳаўасы топырақ қурамы, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясы ҳәм басқа тәбийий шараятлары менен өзгешеликке ийе. Айырым ўақытларында сондай өзине

[22] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2000 й., 5-6-сонлар, 140-модда

тән болған жағдайлар усы аймақ шеңберинде ислеп шығарылған товарлар, орынланатуғын жумыслар, көрсетилген хызметтиң өзине тән айрықша сапаға белгилерине ийе болыўын белгилейди.

Басқа орынлардағы мине тап усындай ислеп шығарылған товарлар, орынланатуғын жумыслар ямаса көрсетилетуғын хызметлер сондай сапаға, белгилерге ийе болмайды. Өйткени, белгили бир географиялық аймақтың тәбийий шараятлары ямаса басқа факторлар (тийкарынан усы орында жасаўшылардың кәсиплик маманлық, шеберлиги) менен тутас байланыслы рәуиште таярланған товарлар басқа орында таярланған мине усындай товарларға бола қарыйдары көп, жоқары сапалы, айрықша өзгешеликлерге ийе, бәсекиге шыдамлы есапланады[23].

Базарда усы товар таярланған орын атынан өзи товар белгили бир сапа өзгешеликлерине ийе екенлиги ҳаққында өзине тән сертификат есапланады. Мысалы, “Баржомий”, “Есентуки”, “Ташкент” суўлары, Әнкара кишмиши, Үргут темекиси, Янгиқорған әнжири, Қуўа анары ҳәм басқалар. Айырым ўақытларында товар таярлаған орынның тәбийий шараятлары менен емес, ал усы орында жасайтуғын халықтың белгили бир кәсип өнери, өним таярлаўда болған айрықша шеберлиги, маманлығы усы товар сапасын белгилеўде айрықша әҳмийетли фактор боылўы да мүмкин. Мысалы, Чуст пышағы, Самарқанд наны, Хийўа гилеми ҳәм басқалар.

[23] Круглова Н.Ю. Хозяйственное право. -М.: Русская деловая литература.1998 г. –С.21.

## 4. **Хожалық ҳуқықы субъектлери түсиниги, белгилери ҳәм классификациясы.**

Хожалық уқықының субъектлери-бул хожалық искерлигин әмелге асырыўға ўәкилликли болған шахслар болып есапланады. Хожалық искерлиги субьектлери түсиниги ҳәм статусын анықлаў ушын «ҳуқық субьекти» ҳәм «пуқаралық ҳуқықы субъекти» түсиниклериниң мазмунын тереӊ аңлап алыў лазым болады.

Ҳуқық субьекти кеӊ ҳуқықый категория есапланып, оның қурамына ҳәрекеттеги нызам ҳүжжетлерине муўапық ҳуқық ҳәм миннетлемелерге ийе болған жәмийетлик қатнасықлардың барлық қатнасыўшылары киреди. Өз нәўбетинде ҳәр бир ҳуқық тармағының өз субъектлери (мәмлекет ҳуқықында сайлаўшылар ҳәм сайланыўшылар, мийнет ҳуқықында жумыс бериўши ҳәм хызметкер, финанс ҳуқықында салық төлеўши ҳәм салық органы , жынаят процессуал ҳуқықында-сорастырыўшы, тергеўши, гүмандар, айыпланыўшы. судланыўшы, судланыўшы қамаққа алынған ҳәм т.б.) болғанындай, хожалық ҳуқықының да өз субьектлери бар.

Пуқаралық ҳухуқықының барлық субьектлери пуқаралық ҳуқықы пәнинде бирден-бир «шахслар» деген улыўмалық ат пенен аңлатылады[24]. «Шахслар» да өз нәўбетинде үш топарға бөлинеди:

**бириншиси,** пуқаралар, (физикалық шахслар) болып, ол өз ишине Өзбекстан Республикасы пуқаралары. Басқа мәмлекетлердиң пуқаралары, сондай-ақ, пуқаралығы болмаған шахсларды алады,

**екиншиси**, юридикалық шахслар болып, ол өз ишине пайда алыўды өз жумысының тийкарғы мақсети қылып алған коммерциялық шөлкем яки пайда алыўды мине усындай мақсет етип алмаған шөлкем (коммерциялық емес шөлкем)лерди алады ҳәм бундай шөлкемлер Өзбекстан Республикасы, шет ел яки аралас (қоспа) кәрханалар формасында болыўы мүмкин,

[24] Өзбекстан Республикасының Пуқаралық кодекси 2-бөлими де «шахслар» деп жүритиледи ҳәм ол өз ишине пуқаралар (физикалық шахслар), юридикалық шахслар ҳәм мәмлекетти пуқаралық ҳуқықый қатнасық қатнасыўшысы сыпатында беккемлейди.

**үшиншиси,** мәмлекет болып, ол айрықша субьект сыпатында тиккелей өз атынан, сондай-ақ, оның атынан ҳәкимшилик аймақлық дүзилмелер яки мәмлекет органлары қатнасыўлары мүмкин[25].

Физикалық ҳәм юридикалық шахслар пуқаралық ҳуқықый қатнасықларда исбилермен сыпатында,сондай-ақ, бундай сатусқа ийе болмастан да қатнасыўы мүмкин. Соның ушын пуқаралық ҳуқықы субьектлери бир ўақыттың өзинде ҳәм хожалық ҳуқықы, ҳәм исбилерменлик ҳуқықы субъектлери есапланыўы мүмкин, бирақ хожалық ҳәм исбилерменлик ҳуқықы субъектлери бир-биринен парықланады.

Парқы сонда, исбилерменлик ҳуқықый қатнасықларда субъект ҳәрдайым тәўекел етип, өз жууапкершилигин мойнына алып, пайда алыўды мақсет қылған ҳалда жумыс алып барады, хожалық ҳуқықы субьектлери болса, хожалық жүргизиў. хожалықты басқарыў менен байланыслы ҳәм экономиканың мәмлекет басқарыўы тараўындағы қатнасықларын тәртипке салады.

Хожалық искерлигиниң кең тараўлары ҳәзирги ўақытта исбилерменлик искерлигине айландырылыўы менен түрли мүлк формаларына ийе болған кәрханалар хожалық қатнасықларының қатнасыўшылары болып қалмай, жеке исбилерменлер де болыўы мүмкин.

Себеби, ҳуқықый қатнасықлардың субьектлери қурамын сол қатнасықлардың характери белгилейди. Ҳәзирги шәраятта болса, усы қатнасықлардың тийкарғы характери-пайда алыў мақсетинде хожалық искерлигин әмелге асырыўдан ибарат.

Жоқарыдағылардан келип шығып, хожалық ҳуқықының субьектине төмендегише сыпатлама бериў мүмкин: Хожалық ҳуқықының субъекти-бул хожалық (исбилерменлик) искерлигин әмелге асырыўшы, өзиниң мүлкине, хожалық ҳуқық ҳәм миннетлемелрине ийе болған, өз искерлиги бойынша ғәрезсиз даўагер ҳәм жууапкер бола алатуғын ҳәм өзиниң ҳуқықларын қорғаў ушын судқа мүрәжәәт қыла алатуғын (юридикалық шахс статусын алған)

[25] Рахимов Д. Тадбиркорлик фаолияти билан боғлиқ қонунчилик. // Хўжалик ва ҳуқуқ, 2001 й., 2-сон. –Б. 25.

түрли мүлк формаларына тийисли кәрханалар ҳәм олардың дүзилмелери ҳәмде жеке исбилермен статусына ийе болған пуқаралар есапланады.

Хожалық ҳуқықының субъектлери түсинигинен бундай ҳуқықтың өзине тән белгилерин ажыратып көрсетиў мүмкин.

Хожалық ҳуқықы субъектиниң ең тийкарғы белгиси-бул оның өз мал-мүлкине ийе болыўы болып есапланады. Өз мал-мүлкине ийе болыўдың ҳуқықый формасы-меншик ҳуқықы болып есапланады.

Айырым хожалық жүргизиўши субьектлер (мәселен, унитар кәрханалар, мәмлекет кәрханалары) өз мал-мүлкин ийе болмастан затлық ҳуқық тийкарында (хожалық жүргизиў, оператив басқарыў ҳуқықы) өзине бириктирип қойылған мал-мүлкке ийе болыўлары мүмкин.

Меншик ҳуқықы оның ийесине исбилерменлик искерлиги менен шуғылланыў, сондай-ақ, дүзилген кәрханаға басшылық етиў, олардың жумысын әмелге асырыў шәртлерин анықлаў имканиятын береди.

Мүлкдар болыў, мүлкдардың сол мүлкке қарата ҳуқықлары формасына да көп тәрептен байланыслы. Соның ишинде, хожалық жүргизиў ҳуқықы, оператив басқарыў, ижара ҳуқықы, ишки хожалық жүритиўге ийелик ҳуқықы пайда болмастан турып, хожалық ҳуқықы субъектиниң жүзеге келиўи ҳәм раўажланыўы қыйын. Шахс мүлкий база болған жағдайда ғана субъект дүзиўге умтылып, экономикалык мәпдарлыққа ерисиўге ҳәрекет қылады ҳәм раўажланады.

Пайда көриў мақсетинде, тәўекел етип товар ислеп шығарыў, (жумысты орынлаў, хызмет көрсетиў) менен шуғылланыў қәнийгелескен искерликке айланған жағдайда ғана бундай искерликтиң қатнасыўшыларын исбилерменлер деп есаплаў мүмкин.

Егер, пуқара бундай ҳәрекетлерди айрықша ҳалларда ғана (ўақты-ўақты менен) пайда көриўди өз алдына мақсет етип қоймай әмелге асырған жағдайда, мәселен, өзиндеги артықша аўыл-хожалығы өнимлерин яки керексиз болған басқа затларды сатыўы, яки жумысларды орынлап бериў ушын шәртлесип ҳәм ол орынлағанлығы ушын ҳақы алынатуғын болса,

бундай искерликти исбилерменлик жумысы деп болмайды. Себеби, усы сыяқлы қатнасықлар пуқаралық ҳуқықы нормалары менен тәртипке салынады.

Сондай-ақ, банк мекемелерине процент алыў мақсетинде қаржы қойған пуқаралар қымбат баҳалы қағазлар сатып алған шахслар да исбилерменлер есапланбайды.

Өзбекстан Республикасының 2000-жыл 21-майда қабыл етилген «Исбилерменлик жумысы еркинлигиниң кепилликлери ҳаққындағы»[26] Нызамның 4-статьясына муўапық, исбилерменлик жумысы субьектлери белгиленген тәртипте мәмлекет дизиминен өткен ҳәмде исбилерменлик жумысын әмелге асырып атырған юридикалық ҳәм физикалық шахслар болып есапланады.

Мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў органлары (нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайлар буннан тысқары), олардың лаўазымлы шахслары, сондай-ақ, исбилерменлик жумысы менен шуғылланыўы нызам ҳүжжетлеринде қадаған етилген басқа шахслар исбилерменлик искерлигиниң субьектлери болыўы мүмкин емес.

Өзбекстан Республикасы Жоқары суды ҳәм Жоқары хожалық судының 2000-жыл 28-апрельдеги «Исбилерменлик жумысы менен байланыслы нызамшылықты қолланыў суд әмелияты ҳаққындағы» 2-санлы қарарына муўапық, юридикалық шахслар ҳәм жеке тәртиптеги исбилерменлер, соның ишинде, шет ел пуқаралары яки юридикалық шахслары, сондай-ақ, пуқаралығы болмаған шахслар исбилерменлик жумысы субъектлери есапланады. Исбилермен юридикалық шахсты дүзген ҳалда яки дүзбестен де исбилерменлик жумысы менен турақлы түрде шуғылланыўшы физикалық шахс болып (жеке тәртиптеги исбилермен) есапланады[27].

Хожалық ҳуқықы субъектлериниң тийкарғы белгиси олардың мәмлекет дизиминен өткен болыўы ҳәмде нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған

[26] Халк сузи – 2000 йил 15 июнь.
[27] Ўзбекистон Республикаси Олий суди ва Ўзбекистон Республикаси Олий хужалик суди Пленуми карорларининг туплами. Нукус, «Билим» нашриёти. 2000 йил, 237- б.

жағдайларда белгили бир искерлик түрлери менен шуғылланыўлары ушын әлбетте руқсатнама (лицензия)ға ийе болыўы тийис екенлиги талап етиледи.

Хожалық ҳуқықы субьктлериниң және бир белгиси менен басқа субьектлерден ажыратыў мүмкин, бул олардың хожалық ҳуқықы ҳәм миннетлемелерине ийе болыяы есапланады. Бундай ҳуқық ҳәм миннетлемелердиң көлеми Өзбекстан Республикасы нызамлары менен ҳәмде оларға муўапық қабыл етилген усы хожалық жүргизиўши субьектлердиң дүзилиў ҳүжжетлери менен анықланады.

Хожалық ҳуқықы субьектлериниң гезектеги белгиси сол, олар өз искерликлери ушын ғәрезсиз жуўапкер есапланады. Жуўапкершилик оның өз мал-мүлки көлеминде әмелге асырылады.

Хожалық ҳуқықы субъектлери өз искерликлерине өзлерине тийисли мал-мүлк көлеминде жуўапкер болыўлары менен бирге, өзлериниң бузылған ҳуқықларын ҳәмде нызамлы мәплерин суд арқалы қорғаў имканиятына ийе екенликлери ҳаққындағы қағыйдалар нызам ҳүжжетлеринде белгиленген.

# Ж У Ў М А Қ Л А Ў

Исбилерменлик саласында мәмлекеттиң тийкарғы ретлестириўши ўазыйпасы көз-қарасы тийкарында ҳәм усы питкериў жумысының мазмун мәниси ҳәмде онда белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы менен байланыслы ҳалда төмендегише жуўмақлар, пикир ҳәм усынысларды келтирип өтиў мақсетке муўапық болып есапланады:

1. Хожалық ҳуқықы ҳуқықтың бүгинги күндеги экономикалық байланыслар барған сайын қурамаласып атырған бир шәраятында айрықша тармақларынан бири болып атырғанлығы тиккелей хожалық ҳуқықы дереклери шеңбериниң кеңейиўине де алып келди.

Сонлықтан, усы питкериў жумысының изертлеў ўазыйпаларын орынлаўдың илимий тийкары сыпатында хожалық ҳуқықының ҳуқықый доктринал сыпатламасы берилди яғный хожалық ҳуқықы дереклери – бул мәмлекет пуқара ҳәм жәмийет ортасындағы экономикалық байланысларды ҳуқықый ретлестириўши ҳәмде хожалық қатнасықларын белгили бир системаға салып турыўшы ҳуқық нормалары жыйындысы болып есапланады.

2. Хожалық ҳуқықы дереклериниң ситемасы улыўмалық ҳәм арнаўлы ҳуқық нормаларынан қуралады. Улыўмалық ҳуқық дереклери хожалық ҳуқықы системасының улыўма бөлимине тийисли ҳуқықый қатнасықларды тәртипке салыўшы нормалар жыйындысын өз ишине алса, хожалық ҳуқықы дереклери системасының арнаўлы ҳуқық нормалары хожалық искерлигиниң конкрет ҳалатларын ҳуқықый ретлестириўге хызмет етеди.

3. Хожалық ҳуқықы дереклери системасын қурайтуғын нызамлар комплексин өз алдына кодификацияланған нызам көринисинде де алып қараўымызға болады. Себеби, ҒМДА мәмлекетлериниң айрым еллериниң нызамшылық системасында Хожалық кодексиниң қабыл етилгенлиги де белгили. Усылардан келип шыққан ҳалда Өзбекстан Республикасында да Хожалық кодексин қабыл етиў бойынша нызамшылық басламасының комплекс шара-илажлары әмелге асырылыўы ҳәм ақыр соңында Хожалық

кодексин қабыл етиў бойынша нызамшылық дөретиўшилиги жумыслары алып барылыўы, бир сөз бенен айтқанда усы кодекс қабыл етилиўи тийис.

4. Миллий нызамшылық системасында хожалық ҳуқықы тарўына тийисли норматив ҳуқықый ҳүжжетлерди талқылаўдан өткенген ҳалда ондағы айырым кемшиликлер структурасын исле шығыў тийис. Мәселен, бүгинги күнде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик искерлигин тиккелей тәризде ҳуқықый ретлестириўши нызамшылық акти елеге шекем қабыл етилмеген.

Соның менен биргеликте, жумысты үйде алып ислеўшилер, шаңарақ исбилерменлиги менен байланыслы нызам асты ҳүжжетлери қабыл етилген болса да, бул бойынша тараўға тийисли нызамлар елеге шекем қабыл етилмеген.

Усыларға тийкарлана отырып, усы питкериў жумысында шаңарақ исбилерменлиги ҳаққындағы нызам жойбарын ислеп шығыў ҳәм оны қабыл етиў усынысы илгери сүриледи.

5. Хожалық ҳуқықы нызамларының ҳуқықый мониторинги жумысларына да айрықша итибар қаратылыўы тийис. Солардан, исбилерменлик субъектлери ҳуқықлары ҳәм мәплерин тиккелей нгызамшылық нормаларында сәўлелендирилиўин бақлаў, оларға қолайлы экономикалық ҳәмде ҳуқықый шәрт-шәраятларды жаратып бериў менен байланыслы нызам дөретиўшилиги ислеринде арнаўлы түрли нызамшылық мониторинги усылларынан кең пайдаланыў усыныс етиледи.

Себеби, айырым ҳалларда мәмлекет яки ол ўәкиллик Берген тийисли органлар тәрепинен айрым тараў нызамлары яки нызам асты ҳүжжетлерин қабыл етиўде усы нызамларда көбирек өзлериниң мәплери үстинлигине әҳмийет бериўге ҳәрекет етиўлери мүмкин.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

## I. БАҒДАРЛАЎШЫ ӘДЕБИЯТЛАР:


| |
|---|
| 1. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. –Тошкент: Ўзбекистон, 2005. -96 б. |
| 2. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва иқтисодиётимизни барқарор ривожлантириш йўлида. Т.16. –Тошкент: Ўзбекистон, 2008. -368 б. |
| 3. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. –Тошкент: Ўзбекистон, 2009. -56 б. |
| 4. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиз. Т.17. –Тошкент: Ўзбекистон, 2009. -280 б. |
| 5. Каримов И.А. Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. –Тошкент: Ўзбекистон, 2010. – 80 б. |
| 6. Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. // “Халқ сўзи”, 2010 йил 13 ноябрь (№ 220). |
| 7. Каримов И.А. Барча режа ва дастурларимиз Ватанимиз тараққиётини юксалтириш, халқимиз фаровонлигини оширишга хизмат қилади. (2010 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2011 йилга мўлжалланган энг муҳим устувор йўналишларга бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси). // “Туркистон”, 2011 йил 22 январь, №7 (15437). |


## II. НЫЗАМЛАР ҲӘМ ҲУҚЫҚЫЙ-НОРМАТИВ ҲҮЖЖЕТЛЕР.


8. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси // Т.: «Ўзбекистон», 2000 й.
9. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик кодекси // Т.: «Адолат», 1996 й.
10. Ўзбекистон Республикасининг «Ижара тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1992 й., 1-сон, 45-модда.

11. Ўзбекистон Республикасининг «Маҳсулот ва хизматларни сертификатлаш тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1994 й., 2-сон, 50-модда.
12. Ўзбекистон Республикасининг «Товар бозорларида монополистик фаолиятни чеклаш ва рақобат тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1997 й., 2-сон, 54-модда.
13. Ўзбекистон Республикасининг «Хўжалик юритувчи субъектлар фаолиятини давлат томонидан назорат қилиш тўғрисида»ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1999 й., 1-сон, 8-модда.
14. Ўзбекистон Республикасининг «Хўжалик юритувчи субъектлар фаолияти шартномавий-ҳуқуқий базаси тўғрисида»ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикасининг Янги қонунлари. Т., «Адолат», 1999 й., 21-сон.
15. Ўзбекистон Республикасининг «Фаолиятнинг айрим турларини лицензиялаш тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2000 й., 5-6-сон, 142-модда.
16. Ўзбекистон Республикасининг «Тадбиркорлик фаолияти эркинлигининг кафолатлари тўғрисида»ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2000 й., 5-6-сонлар, 140-модда.
17. Ўзбекистон Республикасининг «Хўжалик ширкатлари тўғрисида»ги Қонуни // «Халқ сўзи газетаси, 2002 йил 17 январь, 12-сон.
18. Ўзбекистон Республикасининг «Масъулияти чекланган ҳамда қўшимча масъулиятли жамиятлар тўғрисида»ги Қонуни // «Халқ сўзи» газетаси, 2002 йил 22 январь, 15-16-сон.
19. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Корхоналарнинг банкротлиги тўғрисидаги қонунчиликни амалга оширишга доир қўшимча чора-тадбирлар ҳақида»ги Фармони. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1999 й., 7-сон, 42-модда.
20. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Хусусий тадбиркорлик, кичик ва ўрта бизнесни ривожлантиришни янада рағбатлантириш чора-тадбирлари

тўғрисида» 1998 йил 9 апрелдаги Фармони // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1998 й., 4-сон, 64-модда.
21. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг «Тадбиркорлик субъектларини давлат рўйхатидан ўтказиш ва ҳисобга қўйиш тизимини такомиллаштириш тўғрисида»ги 2001 йил 25 августдаги 347-сонли Қарори // Ўзбекистон Республикаси Ҳукуматининг қарорлари тўплами, 2001 й., 8-сон, 47-модда.
22. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг «Истеъмолчилар ҳуқуқларини ҳимоя қилишда жамоатчилик иштирокини кенгайтириши чора-тадбирлари тўғрисида»ги 2002 йил 28 ноябрдаги 414-сонли Қарори // Ўзбекистон Республикаси Ҳукуматининг қарорлари тўплами, 2002 й.,11-сон, 73-модда.
23. Ўзбекистон Республикаси Олий суди ва Ўзбекистон Республикаси Олий хўжалик суди Пленуми қарорларининг тўплами // Нукус, «Билим», 2000 й.
24. Ўзбекистон Республикаси Олий хўжалик суди Пленуми ва Раёсати қарорлари тўплами (1993-2001) // -Т.: «Адолат», 2001 й.

## III. ТИЙКАРҒЫ ҲӘМ ҚОСЫМША ӘДЕБИЯТЛАР.

25. Абдусаломов М. Тадбиркорларнинг ҳуқуқлари ва қонуний манфаатларини ҳимоя қилиш. // Тадбиркорлик ҳуқуқи. Махсус қисм. Т.: «Консаудитинформ», 2002 й.
26. Андреев В.К. Правосубъектность хозяйственных органов: сухность и реализация. -М.: Изд-во «Наука». 1996 г.
27. Гражданское право. Том 1: Учебник / Отв. ред. проф. - Е.А. Суханов. 2-изд., перераб. и доп. –М.: Из-во БЕК, 1998 г.
28. Зокиров И.Б. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик ҳуқуқи. 1-қисм, Тошкент, Адолат, 1996 й.
29. Ибратов Б. Тадбиркорлик ҳуқуқи. Т., Молия, 2001 й.
30. Караходжаева Д. О юридических лицах и их имуҳественных правомочиях // Давлат ва ҳуқуқ. 2000 й., 1-сон.

31. Круглова Н.Ю. Хозяйственное право. -М.: Русская деловая литература.1998 г.
32. Лаптев В.В. Предпринимательское право: понятие и субъекты. М., Юристь, 1999 г.
33. Олейник А.С. Предпринимательское (хозяйственное) право. М., Юристь, 2000 г. 1-2-том.
34. Раҳмонқулов Ҳ. Мустақиллик ва бозор-хўжалик қонунчилиги // Хўжалик ва ҳуқуқ, 1996 й., 1-сон.
35. Рўзиназаров Ш.Н. Хўжалик юритувчи субъектларнинг шартнома муносабатлари // Хўжалик ва ҳуқуқ, 1999 й., 5-сон.
36. Рўзиназаров Ш.Н. Тадбиркорлик ҳуқуқи субъектлари ва уларнинг ҳуқуқий ҳолати // Хўжалик ва ҳуқуқ, 2001 й., 8-сон.
37. Рахимов Д. Тадбиркорлик фаолияти билан боғлиқ қонунчилик. // Хўжалик ва ҳуқуқ, 2001 й., 2-сон.
38. Тадбиркорлик ҳуқуқи. Махсус қисм. Дарслик. Таҳририят ҳайъати: Ш.Рўзиназаров, А.Саидов, К.Рашидов ва бошқ.; Масъул муҳаррир: Ш.Рўзиназаров. -Т.: «Консаудитинформ», 2002 й.
39. Хозяйственное право. Общие положения. Под ред. В.В.Лаптева. -М.: Наука, 1983 г.
40. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодексининг 2-қисмига шарҳлар. -Т., 1998 й.

## IV. ИНТЕРНЕТ МАТЕРИАЛЛАРЫ

41. www.mmulk.uz
42. www.norma.uz
43. www.patent.uz
44. www.pravo.vsem.uz
45. www.pravo.ru
46. www.ut.uz